**TEATR HÁM MUZÍKA**

# USTAZ GULCHIRA XODJAMETOVANÍŃ ILIMDE TUTQAN ORNÍ

**R.A.Abatbaeva** – *erkin izleniwshi*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** musiqa, dirijyor, professor, musiqashunoslik, fortepiano, vokal, garmoniya, solfedjio, xor, opera, konsertmeyster, monografiya, dissertasiya.

**Ключевые слова:** музыка, дирижер, профессор, музыковедение, фортепиано, вокал, гармония, сольфеджио, хор, опера, концертмейстер, монография, диссертация.

**Key words:** music, conductor, professor, musicology, piano, vocals, harmony, solfeggio, choir, opera, accompanist, monograph, dissertation.

Qaraqalpaq muzıkasına óziniń ilimiy miynetleri menen búgingi kúnde birneshe shákirtler tayarlap tálim-tárbiya berip mashaqatlı jumıslarında ayanbastan iskerligin alıp barıp atırǵan ustaz, jámiyetlik isker, dirijyor, tariyx ilimleriniń kandidatı, professor, ádiwli ómirlik joldas, miyrimli ana Gulchira Xodjametova Ilishevna ilim jolında óziniń tınımsız izleniwlerin alıp barıp elimizdiń kórkem óner hám mádeniyat tarawınıń rawajlanıwında xızmet etip kelmekte. Ol búgingi kúnde Qaraqalpaqstanda mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı birinshi hayal professor bolıp esaplanadı. Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institute Nókis filialında studentlerge bilim beriw menen birge olarǵa basshılıq etip, «Kórkem ónertanıw» fakulteti dekanı wazıypasında jumıs islep kelmekte. Sonday-aq, ol fakultette talantlı studentlerdi hár tárepleme qollap-quwatlap Respublikamızda bolıp ótetuǵın festival hám tańlawlarda belsendilik etiwi ushın tınımsız háreket etip kelmekte.

Xodjametova Gulchira Ilichevna 1971-jılı Nókis qalasında tuwılǵan. Ákesi Qaraqalpaqstan xalıq artisti, pedagog, belgili professional atqarıwshı Ilich Xodjametov, anası Mambetova Parshagul shıpaker.

G.Xodjametova 1978-jılı №19-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebine 1-klasqa oqıwǵa barıp, sol jılı R.M.Glier atındaǵı balalar muzıka mektebine «Fortepiano» bólimine oqıwǵa tapsırıp ustazı R.A.Valievadan sabaq aladı. Balalar muzıka mektebinde oqıp júrgen waqıtları dáslep birinshi qosıq aytıw sırların ákesi Qaraqalpaqstan xalıq artisti, pedagog Ilich Xodjametovtan aladı. Keyin ala Ózbekstan xalıq artisti B.Nadirovtan vokal boyınsha sabaq aladı hám Respublikada bolıp ótken koncertlerde xor solisti bolıp úlken saxnalarda óz belsendiligi menen qatnasıp kelgen. 1986-jılı mektepti tabıslı tamamlap, J.Shamuratov atındaǵı Nókis mámleketlik kórkem óner bilim jurtında «Xor dirijyorlıǵı» bólimine kirip, ustazı Qaraqalpaqstan xalıq artisti, dirijyor A.Mambetovtan bilim aladı. Óziniń talapshańlıǵı hám shaqqanlıǵı menen 1987-jılı qosımsha «Vokal» bóliminde Ózbekstan xalıq artisti B.Nadirovta vokalda oqıwdı dawam etedi. Muzıka teoriyası hám garmoniya pánleri boyınsha Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, belgili kompozitor, muzıkatanıwshı Dariyxa Djanabaevadan bilim alıp, onıń jazǵan qosıqların atqarǵan. Oqıp júrgen waqıtlarınan-aq, G.Xodjametova 1987-jılı sol waqıtta Stanislavskiy atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik teatrǵa xor artisti bolıp jumısqa kiredi, 1987-jılları kompozitor N.Muxammeddinovtıń «Ájiniyaz» operasında xor jámááti menen qatnastı. Keyin ala «Ǵárip ashıq» muzıkalıq dramasına, S.Yudakovtıń «Maysaranıń hiylesi» muzıkalıq komediyasına hám taǵı basqa spektakller hám operalarda qatnastı. Tashkent qalasında, Xorezm wálayatında hám taǵı basqa qalalarda bolıp ótken «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ádebiyat hám mádeniyat» kúnlerine xor jámááti menen koncert baǵdarlamalarında qatnastı. [2]

1991-jılı Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutına «Muzıkalıq tálim» qánigeligi boyınsha oqıwǵa tapsırıp, dirijyorlıq sırların Qaraqalpaqstan xalıq artisti, dirijyor S.Palwanovtan, fortepiano boyınsha Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken jaslar ustazı N.I.Klishevadan, vokal sırların Qaraqalpaqstan xalıq artisti Ilich Xodjametovtan úyreniwdi dawam etedi. Institutta oqıp júrip J.Shamuratov atındaǵı muzıkalıq bilim jurtında «Vokal» bóliminde koncertmeyster bolıp isleydi.

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarında bolıp ótken vokal boyınsha kóplegen tańlawlarǵa studentler menen qatnasıp, aldaǵı orınlardı iyelep, «Húrmet jarlıq»ları menen sıylıqlandı.

G.Xodjametova 1996-jılı joqarı oqıw ornın pitkerip, sol jerde oqıtıwshı bolıp jumıs islep qaladı. Islep júrip ilim menen shuǵıllanıwdı aldına maqset etip qoyadı. 2001-jılı kandidatlıq dissertaciya temasın tastıyıqlatıp, 2007-jılı 13-aprel kúni Ózbekstan Respublikası Ilimler

Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi tariyx, arxeologiya hám etnografiya institutı qasındaǵı Ilimiy dárejeler beriwshi K.015.30.01 sanlı Ilimiy Keńesinde «Музыкальная культура Каракалпакстана в период Независимости» (1941-1991гг.) tema-sında 07.00.01-Ózbekstan tariyxı qánigeligi boyınsha kandidatlıq dissertaciyasın qorǵap shıǵadı. 2015-jılı Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialına «Rejissura hám aktyor sheberligi» kafedrasına oqıtıwshı lawazımına jumısqa kiredi hám sol waqıtları ilim menen shuǵıllanıwdı dawam ettiredi. 2019-jılı Ózbekstan Respublikası joqarı attestaciya komissiyası qararı menen docent ilimiy dárejesin alıwǵa miyasar boldı. [3]

2019-jıldan usı kúnge shekem Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı «Kórkem ónertanıw» fakulteti dekanı lawazımında islep kelmekte. Usı kúnge shekem qaraqalpaq muzıka tariyxı, muzıka mádeniyatı boyınsha 115 ten artıq ilimiy maqalalar hám tezisler baspadan shıǵardı. Solardan, 15 oqıw qollanba hám sabaqlıqlar, 3 monografiya, 93 ilimiy maqalası shet el jurnallarında baspadan shıqqan. Ol óziniń miynet jolı dawamında bir qatar monografiyalar, sabaqlıq qollanbalardı baspadan shıǵardı.

Atap aytqanda, «Музыкальная культура Каракалпакстана 1950-2005 годы» (Monografiya), 2007-jılı «Mekteplerde xor jámáátin shólkemlestiriw hám úyretiw usılları» (Metodikalıq qollanba) 2003-jılı «Muzıka qosıq madeniyati 4-klass», (Oqıw-qollanba), 2005-jılı «Baslawısh klass oqıwshılarına qosıq namaların úyretiwdiń áhmiyeti hám úyretiw jolları» (Metodikalıq qollanba), 2008-jılı «Ǵárezsiz mámleketler doslıq awqamı (ǴMDA) muzıka tariyxı» (Oqıw-metodikalıq qollanba), 2010-jılı «Sahra búlbili» (Oqıw-metodikalıq qollanba) 2014-jılı «Xor aranjirovkası» (Oqıw qollanba), 2014-jılı «Xor hám xortanıw» (Metodikalıq qollanba), 2017-jılı «Xor klassı» (Oqıw qollanba), 2018-jılı «Dirijyorlıq» (Oqıw qollanba), 2020-jılı «Muzıka teoriyası hám garmoniya páninen sózlik» (Metodikalıq qollanba), 2020-jılı «Dirijyorlıq» (Sabaqlıq), 2021-jılı «Qaraqalpaq muzıka tariyxınıń rawajlanıwında kompozitorlardıń tutqan ornı» (Monografiya) 2022-jılı «Háweskerler xor oqıtıw metodikası» (Oqıw qollanba), 2023-jıl «Jámáát atqarıw» (Oqıw qollanba), 2023-jılı «Kompozitor N.Muxammeddinovtıń dóretiwshilik jolı» (Monografiya), 2023-jıl hám taǵı birneshe ilimiy jumıslar ústinde jumıslar alıp barmaqta. [Xodjametova G : 3]

Xodjametova Gulchira búgingi kúnde 3 proekt joybarları menen qatnasıp kelmekte. Solardan, shet el proekti: «Kreativ spark» xalıqaralıq dástúri tiykarındaǵı 1-Respublika, Ózbekstan Respublikası Pánler Akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń N.Dawqaraev atındaǵı «Til hám ádebiyat» institutı muzıkalıq fondı hám qayta jetilistiriw boyınsha Franciyanıń Oraylıq Aziya úyreniw institutı (IFEAC) xalıqaralıq ilimiy proektiniń aǵzası. Ustaz Xodjametova Gulchira Ilichevnanıń miynetleri joqarı bahalanıp, ol 2019-jılı Ózbekstan Respublikası mádeniyat ministrligi hám Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutınıń «Húrmet jarlıǵı» menen sıylıqlandı. 2022-jılı Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen «Ǵárezsizlik bayramına 31 jıl tolıwı múnásibeti»ne arnap «Kókirek nıshanı» menen sıylıqlandı. 2022-jıl Rossiyada bolıp ótken JOO oqıtıwshıları arasındaǵı tańlawda qatnasıp «Jıl oqıtıwshısı-2022» 1-dárejeli diplom iyesi boldı. [3] 2022-jılı Joqarı attestaciya komissiyası qararı menen professor ilimiy ataǵın alıwǵa miyasar boldı. Qaraqalpaqstanda mádeniyat ham kórkem óner tarawındaǵı birinshi hayal professor bolıp esaplanadı. G.Xodjametova «Ustaz-shákirt mektebi»n de jaqsı jolǵa qoyǵan. Onıń tayarlaǵan shákirtlerinen derlik barlıǵı ilimiy ataqlardı alıp kelmekte.

Solardıń ishinde atap ótsek, docent ilimiy dárejesin alǵanlardan: A.Nadirova – Ózbekstan Respublikasında xızmet kórsetken artist, docent, S.Romanova – pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent, S.Saytbekova – pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent, Í.Moyanov – pedagogika ilimleri boyınsha (PhD) doktorı, docent, B.Esemuratov-Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken artist, Z.Sharipova – Qaraqalpaqstan xalıq baqsısı, R.Atajanov – Qaraqalpaqtan Respublikasında xızmet kórsetken artist, G.Utepova – Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmet kórsetken artist, bunnan tısqarı birneshe doktorantlarǵa ilimiy basshı bolıp olarǵa tuwrı jol kórsetiw menen bir qatarda ilimiy jumıslar islewde óziniń bilimlerin ayanbastan úyretip kelmekte.

Sol qatarında men de házirgi kúnde ilimiy jumıs islewde G.Xodjametovadan ilimniń sırların úyrenip kelmektemen.

G.Xodjametova keleshek jaslar ushın ilim tarawında jumıs islep atırǵan jaslarǵa ayanbastan óz kómegin berip, muzıka tariyxı hám mádeniyatınıń rawajlanıwına óziniń tájiriybesi hám tayarlap atırǵan shákirtleri menen úlgi bolarlıqtay ustaz desek asıra aytqan bolmaymız. Aldaǵı dóretiwshilik hám ilimiy jumıslarında tabıslar tilep qalamız.

**Ádebiyatlar**

1. Xodjametova G. Dirijyorlik etishda qo‘llarning to‘g‘ri holati. Oriental Art and Culture Scientific-Methodical Journal Volume 3 Issue 1 / March 2022.
2. Alliyarova M., Xodjametova G. (2022) O‘quvchilarning qo‘shiq aytishida ustozning ta’sir etish usullari. *Miasto Przyszłości*, *27*, 123–124. Retrieved from. Akademiyalıq tájiriybe almasıp qaytqan professor 17-noyabr 2022-jıl.
3. Абатбаева Р. Композитор Нажимаддин Мухаммеддинов ижодида тарихий сиймолар. Journal of Culture and Art 1.1 (2023): 60-66.
4. Абатбаева Рано Алламбергеновна. Қорақалпоғистон мусиқа маданиятини ривожланишида машхур бастакор Н.Муҳаммеддиновнинг ўрни. Oriental Art and Culture 3.1 (2022): 648-653.
5. Abatbaeva Rano. The manifestation of european and national traditions in the opera Gulayim. International Journal of Philosophical Studies and Social Sciences 2.2 (2022): 185-187.

**REZYUME.** Ushbu maqolada tarix fanlari nomzodi, professor, ustoz, dirijyor Gulchira Xodjametova Ilichevna haqida uning ijodiy va ilmiy ishlari, qoraqalpoq musiqa san’atiga qo‘shgan hissalari haqida atroflicha so‘z qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье подробно рассмотрены кандидат исторических наук, профессор, педагог, дирижер Гульчира Ходжаметова Иличевна, ее творческие и научные труды, ее вклад в каракалпакское музыкальное искусство.

**SUMMARY.** This article examines in detail the candidate of historical sciences, professor, teacher, conductor Gulchira Khojametova Ilichevna, her creative and scientific works, her contribution to the Karakalpak musical art.

UDK. 78-79; (2023)

## O‘QUVCHINING PROFESSIONAL OBRAZI UNING UMUMIY MADANIYATI BILAN BOG‘LIQDIR

**G.Axımbetova –** *docent*

*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch so‘zlar:** nota, kuy, ijro, jo‘r, sozanda, solist, individual texnika, cholg‘u.

**Ключевые слова:** нота, мелодия, произведение, сопровождение, музыкант, солист, индивидуальный прием, инструмент.

**Key words:** note, melody, performance, accompaniment, musician, soloist, individual method, instrument

Musiqa asarini o‘rganishda dutor partiyasi bilan birgalikda ijro etiladigan fortepiano partiyasini puxta o‘rganish zarur. Fortepiano bilan birga ijro etishni musiqa asarini o‘zlashtirish jarayonida boshlagan ma’qul. Shunda ijrochi o‘z partiyasini o‘zlashtirish bilan bir qatorda fortepianoda ijro etiladigan partiyani ham o‘ziga singdirib boradi. Ba’zi sozandalar o‘z partiyalarini oxirigacha o‘zlashtirib bo‘lganlaridan keyin gina fortepiano bilan birgalikda ijro eta boshlaydilar. Bu hol cholg‘uchi uchun birmuncha qiyinchilik tug‘diradi. Cholg‘u va fortepiano ijrosi uchun yaratilgan musiqa asarlarini kuzatsak, unda quyidagi o‘xshashliklarni uchratishimiz mumkin. Ba’zi musiqa asarlarida fortepiano cholg‘uchi (solist)ga jo‘r bo‘lish vazifasini bajarsa, boshqa musiqa asarlarida cholg‘u bilan fortepianoning partiyalari bir-biriga teng va ma’lum darajada mustaqil xarakterga ega bo‘ladi. O‘quvchilarning salbiy sifatlarini o‘qituvchi vaqtida sezib, bartaraf etish choralarini ko‘rishi, kelajakda o‘quvchini qayta tarbiyalashdek qiyin ishning oldini oladi. Tarbiyada individual yondashish samaradorligini oshirishda o‘quvchi xarakteridagi ijobiy sifatlarga tayanish foydali, degan fikr avvaldan ma’lum. Masalan, cholg‘uni o‘rganayotgan o‘quvchida biror usul boshqalariga nisbatan yaxshi rivojlangan deylik. Repertuar tanlashda o‘qituvchi o‘quvchining xuddi shu sifatlarini hisobga olishi maqsadga muvofiq bo‘ladi. Bu o‘quvchidagi kamroq rivojlangan sifatlarga e’tiborsizlik bilan qarash, degani emas. Aksincha, o‘quvchilardagi ijobiy sifatlardan unumli foydalanish ularda kamroq rivojlangan sifatlarni ishga solish va mukammallashtirishga yordam beradi. [1.165]

Birinchi xolda kuyni boshqarib borish asosan cholg‘uchi (solist)ga yuklatilgan bo‘lib, fortepiano faqat jo‘rlik (akkompanement) vazifasini o‘taydi. Bunda solist ijro etayotgan kuy mustaqil, ijrosi fortepianosiz ham ma’lum darajada tugallangan